



Harvard Pilgrim
Health Care

a Point32Health company




Estimate My Cost (Estime Pri Mwen)

Konnen pri yo anvan ou resevwa swen

Pri pou menm pwosedi a egzakteman ka varye pa plizyè santèn oswa menm plizyè milye dola. Zouti Estimate My Cost Harvard Pilgrim nan ede w estime konbyen lajan w ap peye nan pòch ou epi jwenn bon kalite swen nan men yon doktè ki koresponn ak bidjè w. Zouti sa a ka ede w tou:

- Jwenn estimasyon pri pou sèvis ki kouvri yo nan men doktè ki nan rezo a epi, si sa aplikab, doktè ki pa nan rezo a
- Kalkile konbyen w ap peye nan pòch ou anvan ou chwazi yon doktè
- Konpare pri ak nòt kalite sèvis pou jiska kat doktè ak etablisman selon enfòmasyon plan asirans ou a
- Klase rezilta ou yo, chwazi yon lòt zòn, epi filtre selon espesyalite, lokalite, ak plis ankò
- Pran pi bon desizyon sou depans swen sante ou yo
- Planifye epi fè bidjè pou swen ou bezwen yo — konsève estimasyon yo epi diskite opsyon ou yo avèk doktè w



Kòmanse ak 4 etap senp:

1. Konekte nan kont manm ou a sou harvardpilgrim.org/login
2. Klike sou "Tools & Resources" (Zouti ak Resous) nan tèt paj la
3. Chwazi "Financial Tools & Info" (Zouti ak Enfòmasyon Finansye) nan kolòn ki sou bò gòch la
4. Klike sou "Estimate My Cost"

➤ Pou aprann plis, vizite harvardpilgrim.org/public/estimate-my-cost

Se HealthTrio ak Harvard Pilgrim ki kalkile pri yo. Se estimasyon pèsonalize, epi yo ka pa montre pri total egzak la. Estimasyon yo baze sou detay plan Harvard Pilgrim ou a jiska jodi a. Si pa gen ase enfòmasyon sou pri ki disponib pou plan espesifik ou a, pri w ap wè yo ap baze sou eksperyans yon pi gwo varyete plan Harvard Pilgrim yo. Nan ka sa yo, montan yo montre a ka mwens egzak pase yon estimasyon ki baze sou plan espesifik ou a. Epitou, pri reyèl la ka diferan si ou resevwa lòt sèvis anplis, si kouvèti asirans ou chanje, oswa si doktè a faktire sèvis la yon lòt jan. Li enpòtan pou w konnen ou pa dwe konte sèlman sou estimasyon pri sa a oswa nenpòt lòt estimasyon pri pou pran desizyon sou swen sante w. Tanpri note ke kèk sèvis ka mande yon referans nan men doktè prensipal ou oswa yon otorizasyon davans anvan ou resevwa sèvis la. Manm yo ka gen pou peye yon pati nan pri a. Manm yo dwe gade dokiman plan yo pou jwenn detay espesifik sou kouvèti ak benefis yo.